



REMIDI PH 1 (CRITA LEGENDHA)

Wacan kanggo angka 1-10

Resi Jathayu

Rajaning Peksi punika namanipun Jathayu. Piyambakipun dados mitra raketipun Prabu Dasarata. Nalika sumerep putranipun mitranipun dipuncidra Rahwana, Jathayu enggal tumandang damel mitulungi. Kreta kencana dipuntrajang kemawon, Sinta dipunrebat. Rahwana nggegegi, boten nguwalaken saengga dados udreg-udregan rebatan Sinta ing gegana. Eman, Jathayu kalindhih, dipuntatoni saha dipunajar dening Rahwana. Salah satunggaling swiwi sengkleh tugel. Jathayu taksih megap-megap dipuntendhang, kumleyang ing awing-awang, dangu-dangu dhawah ing siti, klebekan.

Laju lampahing kretanipun Rahwana nggondhol Sinta. Sinta ngraosaken sakit, badanipun lungkrah boten kanten-kantenan amargi dipunceneng-ceneng kangge rebatan. Sekedhap-sekedhap polah nedya uwal, nanging tetep kasikep dening Rahwana ingkang limbaran raos nepsu lan kasmaran dhateng Sinta ingkng satuhu merak ati.

Angka 1-5 pilih jawaban sing bener!

1. Manuk Jathayu iku karo Prabu Dasarata kapernah...
 - a. Sedulure
 - b. Kancane
 - c. Mungsuh
 - d. Adhi
2. Putra mantune Prabu Dasarata dicolong Rahwana, weruh kedadayan iku Jathayu
 - a. Ndelik
 - b. Mlayu
 - c. Nulungi
 - d. Keplok
3. Anggone gawa Sinta, Rahwana numpak
 - a. Kreta kencana
 - b. Garudha kencana
 - c. Turangga seta
 - d. Montor mabur
4. Amarga kepengin ngrebut Sinta saka tangane Rahwana mula banjur dadi...
 - a. Oyak-oyakan
 - b. Udreg-udregan
 - c. Tendhang-tendhangan
 - d. Jiwit-jiwitan
5. Swiwine Jathayu sengkleh amarga...
 - a. Digebug gada
 - b. Diuntir Rahwana
 - c. Ditabrak kreta
 - d. Dipedhang Rahwana

Angka 6-10 pasangke bagian kiwa karo tengen!

6.

Rajaning peksi ...

Lemah

7.

Nalika digawa menyang Alengka, Sinta ngrasake ...

nguculake

8.

Rahwana boten nguwalaken Sinta. Tegese nguwalaken...

lara

9.

Sinta sawijining wanita kang ...

Jathayu

10.

"... dangu-dangu dhawah ing siti". Tebung siti tegese ...

ayu

Dasarata

NAMA :
KELAS :
NO ABSEN :